



Kesyon yo Poze Souvan yo sou fen Ijans Sante Piblik COVID-19 pou moun ki ap viv Nouyòk yo ki te enskri nan Medicaid, Child Health Plus oswa Essential Plan atravè NY State Health

28 jen 2022

1. Kilè ijans Sante Piblik COVID-19 la ap fini?

U.S. Department of Health & Human Services te deklare Etazini nan yon [Ijans Sante Piblik](#) depi kòmansman 2020 an akòz pandemi COVID-19 la. Pou kounye a, nou pa konnen kilè PHE COVID-19 la ap fini, men nou ap kontakte ou lè ou bezwen retounen epi fè aksyon sou kont NY State of Health ou a.

2. Mwen pa t gen pou m te renouvle asirans Medicaid, Child Health Plus oswa Essential Plan pou mwen ak/ oswa manm fanmi m depi kèk lane. Èske sa vle di mwen pa oblije renouvle asirans mwen an ankò chak ane?

Non, yonfwa Ijans Sante Piblik COVID-19 la fini, w ap gen pou w renouvle asirans ou an ankò.

Depatman Sante ak Sèvis Imen Etazini (HHS) te deklare Etazini nan yon [ijans sante piblik](#) depi kòmansman 2020 akòz pandemi COVID-19 la. Akòz egzijans nan lwa federal ak lòt mezi, pandan PHE COVID-19 la NY State of Health te kenbe enskripsyon ou a nan Medicaid, Child Health Plus oswa nan Essential Plan san yo pa t mande ou renouvle asirans ou an chak ane. Sepandan, lè ijans sante piblik COVID-19 la fini, pwosesis renouvèlman regilye yo pral rekòmanse sou yon lane. NY State of Health ap fè ou konnen pa imèl, tèks ak/oswa nan kourye lapòs lè li tan -pou ou pou w renouvle chak ane.

3. Apre Ijans Sante Piblik COVID-19 la fini, kilè m ap bezwen kòmanse renouvle asirans Medicaid, Child Health Plus, oswa Essential Plan pou tèt mwen ak/oswa manm fanmi mwen?

Sa depann de lè asirans ou ladan l kounye a fini. Renouvèlman sa yo ap fèt pandan ane a, jan yo te konnen fè sa anvan Ijans Sante Piblik COVID-19 la. Sa vle di se pa tout moun ki ap renouvle asirans yo a an menm tan. Pa egzanp, si asirans ou a ap fini nan mwa oktòb, w ap resevwa avi w lan nan kòmansman mwa septanm lan epi w ap bezwen aji nan fen mwa Oktòb la. NY State of Health ap fè ou konnen pa imèl, tèks, ak/oswa pa lapòs lè li lè pou ou pou w renouvle asirans pou ou ak/oswa manm fanmi ou. Li enpòtan anpil pou ou fè anpil atansyon ak komunikasyon NY State of Health voye pa imèl, tèks oswa nan kourye lapòs pou renouvèlman w lan fèt san pwoblèm epi pou w evite pèdi asirans ou a.

Antretan, ou ta dwe asire w adrès ou, nimewo telefòn ou ak lòt enfòmasyon pou kontakte ou yo ajou sou kont NY State of health ou a pou w resevwa avi enpòtan yo. Konekte sou kont NY State of Health ou a, rele 1-855-355-577 oswa kontakte [yon asistan pou enskripsyon](#) pou w verifye epi mete enfòmasyon w yo ajou.

4. Kijan m ap konnen li lè pou m renouvle asirans Medicaid, Child Health Plus, oswa Essential Plan an pou tèt mwen ak/oswa fanmi mwen?

NY State of Health ap fè ou konnen pa imèl, oswa pa lapòs lè li lè pou ou pou w renouvle asirans pou tèt ou ak/oswa manm fanmi ou. Asire w ke w konfime kont NY State of Health ou a gen enfòmasyon kontak ou ki pi ajou pou w resevwa avi renouvèlman sa yo.

Ou ka enskri tou pou w resevwa notifikasyon nan men NY State of Health. Notifikasyon sa yo ap di w lè li lè pou w renouvle asirans ou a ak lòt enfòmasyon ki enpòtan. Pou ou ka enskri, ekri START voye bay 1-866-988-0327.

5. Kisa mwen kapab fè pou m prepare pou chanjman sa a?

Asire ou ke adrès ou, nimewo telefòn ou ak lòt enfòmasyon pou kontakte w yo ajou sou kont NY State of Health ou a. Konekte sou kont NY State of Health ou a, rele nan 1-855-355-5777 oswa kontakte [yon asistan pou enskripsyon](#) pou w verifiye epi mete enfòmasyon w yo ajou.

Ou ka enskri tou pou w resevwa notifikasyon nan men NY State of Health yon fason pou ou pa rate mizajou enpòtan sou asirans sante ou a, tankou dat pou w renouvle asirans ou a. Pou ou enskri, ekri START voye bay 1-866-988-0327. Jwenn plis enfòmasyon nan <https://info.nystateofhealth.ny.gov/COVID-19-Changes>.

6. Kisa k ap rive si mwen pa renouvle asirans Medicaid, Child Health Plus oswa Essential Plan an pou mwen ak/oswa manm fanmi mwen nan dat limit mwen jwenn nan avi renouvèlman mwen an ki sot nan men NY State of Health la?

Si ou pa renouvle asirans pou tèt ou ak/oswa manm fanmi ou nan dat limit yo bay la, ou gen risk pou w pèdi asirans sante w la. Li vrèman enpòtan pou w fè atansyon ak komunikasyon NY State of Health; voye yo tounen epi renouvle asirans ou a nan dat limit yo bay la. Si w panse ou te rate dat limit la, rele nan 1-855-355-5777 oswa kontakte yon [asistan pou enskripsyon](#) pou w jwenn èd pou w enskri yon lòt fwa nan asirans lan pi vit posib.

7. E si NY State of Health detèmine mwen menm ak/ oswa manm fanmi mwen pa elijib ankò pou Medicaid, Child Health Plus, oswa Essential Plan apre yo fin trete renouvèlman mwen an epi mwen pèdi asirans mwen an?

Si ou menm oswa yon manm fanmi ou pa kalifye ankò pou Medicaid, Child Health Plus oswa Essential Plan, ou kapab kalifye pou w enskri nan yon Plan Sante Kalifye (Qualified Health Plan, QHP) atravè NY State of Health. NY State of Health ofri yon pakèt chwa QHP avèk yon seri avantaj ki konplè. Potko janm gen sitèlman moun ki kalifye pou resevwa èd finansye pou peye prim yo. Vizite nystateofhealth.ny.gov oswa rele nan 1-855-355-5777 (TTY: 1-800-662-1220) pou w aprann plis epi gade pou w wè si w ta ka kalifye pou resevwa èd finansye.